



Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU SÈVIS AMTRAK LA

"Plizyè milye Nouyòkè konte sou sèvis Amtrak la pou vwayaj chak jou yo oswa vwayaj long distans pa yo. Mwen outraje dèske sèvis ant Albany ak Vil New York te sispann pandan lontan, sitou pandan n ap apwoche nan kèk nan jou vwayaj ki pi chaje yo nan pandan wikenn fèt Thanksgiving lan. Byenke nou konnen li ka difisil pou repare enfrastrikti ki fin vye granmoun, yon reta nan longè sa a pa akseptab.

"Jodi a mwen pral deplwaye lidè prensipal nan Administrasyon mwen an, ki gen ladan Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), ak Direktè Operasyon ak Enfrastrikti Eta (State Operations and Infrastructure) mwen an, pou m rejwenn ofisyèl Vil New York ak Amtrak yo pou yon vizit nan sit k ap lakòz pwoblèm sa yo epi detèminen yon chemen pou pi devan. Nou bezwen ede Nouyòkè yo retounen sou bon chemen an."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)